

Objektif Sipèntandan an pou ane skolè 2020-2021

Objektif yo			
	Done debaz	Ane Skolè 2020-2021 Sib la	Ane Skolè 2020-2021 Aktyèl
Objektif nimewo 1 : Devlope e mete sou pye yon plan pou pote yon gran amelyorasyon nan ranman Elèv k ap Aprann Angle yo nan fason n va ogmante kapasite distri a pou l reponn a bezwen Elèv k ap Aprann Angle yo.			
Objektif Pwovizwa 1,1 Kwasans nan evalyasyon ACCESS la : Ogmante pwogrè elèv yo pou yo atenn konpetans nan lang angle a, jan Mwayèn Santil Kwasans Elèv la mezire sa nan egzamen ACCESS la pou Elèv k ap Aprann Angle yo (SGPA).	47 (Ane skolè 2020)	50	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 1,2 Pwogrese : Ogmante pwogrè elèv yo pou yo atenn konpetans nan lang angle a, jan nou mezire sa selon pousantaj elèv k ap fè pwogrè sifizan chak ane nan egzamen ACCESS pou Elèv k ap Aprann Angle yo.	44% (Ane skolè 2020)	46% (+2%)	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 1,3 EL SWD (Elèv k ap Aprann Angle ki genyen andikap) : Ogmante pwogrè Elèv k ap Aprann Angle (EL) ki genyen IEP yo (yon Plan Edikasyon Pèsonalize) pou yo atenn konpetans nan lang, jan Mwayèn Santil Kwasans Elèv la mezire sa nan egzamen ACCESS Elèv k ap Aprann Angle yo (SGPA) pou elèv sa yo.	39 (Ane skolè 2020)	50	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 1,4 Konpetans nan Angle : Ogmante pwopòsyon elèv EL (Elèv k ap Aprann Angle) ki atenn konpetans nan angle, jan sa mezire selon pousantaj elèv ki satisfè kritè sila yo ke eta a etabli pou yo soti nan kad sa a.	16% (Ane skolè 2020)	17% (+1%)	N ap detèmine sa pi devan
Strateji Objektif nimewo 1			
Strateji 1,1 Doub Lang : Ogmante plas nan pwogram doub lang nan.	2.005 (Ane skolè 2020)	2,105	2,157 (Ane skolè 2021)
Strateji 1,2 Divèsite Lengwistik : Ogmante divèsite lengwistik manm pèsonèl yo, jan sa mezire selon pousantaj lang BPS yo kote ke Endis Korespondans Pwofesè parapò a Elèv la egal a 2 pou 3 (0,67) oswa l pi wo. Endis Korespondans Pwofesè-Elèv la se pwopòsyon edikatè parapò a elèv pou chak lang, ki genyen yon objektif de 2:3 nan tout distri a (ki vle di, pou chak 3 pousan elèv ki pale lang nan, 2 pousan nan edikatè lekòl yo pale lang sa a tou byen swa).	7 / 9 lang	8 / 9 lang	7 / 9 lang
Strateji 1,3 Sèvis Entèpretasyon : Ogmante aksè nan kreyasyon regleman pou distri skolè a ak nan desizyon k ap fèt yo pou tout manm kominotè, jan sa mezire selon pousantaj reyinyon Komite Skolè ki ofri entèpretasyon nan omwen twa nan lang ofisyèl BPS yo.		100 % apati dat 11/2020	N ap detèmine sa pi devan
Objektif nimewo 2 : Devlope e mete sou pye yon plan pou pote yon gran amelyorasyon nan ranman elèv ki genyen andikap yo nan fason n ap ogmante kapasite distri a pou l reponn a bezwen Elèv Edikasyon Espesyal yo.			
Objektif Pwovizwa 2,1 Dispwoopòsyon : Diminye dispwoopòsyon elèv gason Nwa ki nan sal de klas ki konplètman apa pou rezon twoub emosyonèl ak elèv Latino ki genyen twoub kominikasyon, jan sa mezire nan fason n diminye pwopòsyon risk la.	Elèv Nwa yo : 3,7 (Ane skolè 2020) Elèv Latino yo : 1,5 (Ane skolè 2020)	Nwa : 3,6 Latino : 1,4	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 2,2 Pwogrè nan Lekti : Ogmante pousantaj elèv andikape ki nan klas jadendanfan K2 jiska 2yèm ane ki satisfè oswa ki depase atant yo pou nivo klas yo nan evalyasyon Konpetans Lekti NWEA MAP la nan fen ane a.	36% (Ane skolè 2021 BOY)	38% (+2%)	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 2,3 Kwasans Elèv : Ogmante kwasans elèv yo nan gramè/literati angle (ELA) ak matematik, jan Mwayèn Santil Kwasans Elèv la mezire sa nan egzamen MCAS la pou elèv ki genyen andikap, ki nan klas 3yèm jiska 8yèm ane. (Note ke : An 2020 yo pa t bay egzamen MCAS la nan klas 3yèm jiska 8yèm ane)	Gramè/Literati angle : 44,1 (Ane skolè 2019) Matematik : 44,0 (Ane skolè 2019)	50	N ap detèmine sa pi devan
Strateji Objektif nimewo 2			

Strateji 2,1 Konplètman Apa : Diminye pousantaj elèv ki genyen andikap ke n sèvi nan pwogram ki konplètman apa yo	30,8% (Ane skolè 2020)	30,7% (-0,3)	30,9% (Ane skolè 2021)
Strateji 2,2 Enklizyon : Ogmante pousantaj elèv ki genyen andikap, ki nan klas jadendanfan K0 jiska 12yèm ane ki nan anviwònman enklizyon apentan oswa a tan pasyèl.	61,9% (Ane skolè 2020)	62,4% (+0,5)	62,4% (Ane skolè 2021)
Strateji 2,3 Fòmasyon Sikològ ak COSE (Kowòdinatè Edikasyon Espesyal) : Kolabore avèk Sèvis Sante Konpòtmantal yo pou bay Sikològ yo ak Kowòdinatè Edikasyon Espesyal yo fòmasyon sou pwosesis idantifikasyon ak pwosesis referans apwopriye yo, jan sa mezire selon yon evalyasyon sou konpreyasyon kèk konsèp ke n bay apre chak fòmasyon.	Pa aplikab	Pa aplikab (Nouvo Mezi)	N ap detèmine sa pi devan

Objektif 3 BIWO SANTRAL LA : Reòganize strikti ak fonksyon Biwo Santral BPS la pou pote yon gwo amelyorasyon nan kapasite l pou l redui mankman nan opòtinite ak akonplisman nan tout lekòl yo ki fè pati distri a			
Objektif Pwovizwa 3,1 Pèsepsyon Edikatè yo : Amelyore pèsepsyon edikatè yo sou sèvis, efikasite, ak kontrandi biwo santral la parapò a kèk rezilta, jan sa mezire selon mwayèn yo selon kèk echèl chwazi (kèk gwoup sijè ki anrapò youn ak lòt) ki orijine nan sondaj klima pwofesè a.	Nou pa t administre l (nou pa t bay li) pou ane skolè 2019-2020 an	Pa aplikab (Nouvo Mezi)	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 3,2 Pèsepsyon Dirijan Lekòl yo : Amelyore pèsepsyon edikatè yo sou sèvis, efikasite, ak kontrandi biwo santral la parapò a rezilta yo, jan sa mezire selon mwayèn yo selon kèk echèl chwazi (kèk gwoup sijè ki anrapò youn ak lòt) ki orijine nan sondaj klima pwofesè a.	Nou pa t administre l (nou pa t bay li) pou ane skolè 2019-2020 an	Pa aplikab (Nouvo Mezi)	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 3,3 Pèsepsyon Biwo Santral la : Amelyore kilti òganizasyonèl la toupatou nan biwo santral la, jan sa mezire selon mwayèn nòt yo sou sijè ki nan sondaj "Gallup" la.	Nou pa t administre l (nou pa t bay li) pou ane skolè 2019-2020 an	Pa aplikab (Nouvo Mezi)	N ap detèmine sa pi devan
Strateji Objektif nimewo 3			
Strateji 3,1 Òganigram (yon Chema Òganizasyonèl) : Devlope yon òganigram (tablo òganizasyonèl) ki esplikè akliè moun responsab pou bay rapò yo, epi l asire efikasite lidèchip la ak jesyon tout domèn responsabilite yo.	Gade tablo ki vin ansanm ak evalyasyon sa a pou ane skolè 2020 an	Pa aplikab	Tablo ane skolè 2021
Strateji 3,2 Divèsite Biwo Santral la : Ogmante divèsite rasyal biwo santral la pou koresponn a reprezantasyon elèv nou sèvi yo, jan nou mezire sa nan fason nou ogmante endis korespondans manm pèsònèl yo parapò a elèv yo.	0,70	0,75 (+0,05)	N ap detèmine sa pi devan
Strateji 3,3 Vwa Dirijan Skolè yo : Ogmante opòtinite pou dirijan skolè yo kapab bay dizon yo ak patisipasyon yo nan desizyon k ap fèt sou nivo sistèm nan konsènan kèk regleman, jan nou mezire sa selon apatenans dirijan skolè yo nan gwoup travay fòmèl distri a ak kreyasyon yon Kabine Dirijan Skolè ki reyini regilyèman pou pataje kreyasyon regleman yo nan distri a.	Pa aplikab	De (2) fwa pa mwa	N ap detèmine sa pi devan
Objektif nimewo 4 REPONS A PANDEMI A : Bay atansyon a sante, byenèt sosyal emosyonèl, ak pwogrè akademik elèv yo pandan pandemi COVID-19 la, nan fason n ap asire preparasyon operasyonèl, kalite akademik, ak sekirite nan aprantisaj an pèsòn yo ak aprantisaj aleka yo.			
Objektif Pwovizwa 4,1 Aktivite sou Entènèt : Rann aksè a aprantisaj aleka a fasil e konstan, jan nou mezire sa selon mwayèn to aktivite ki fèt chak jou sou emtènèt, ki relate pousantaj elèv ki te itilize imel BPS yo pou yo rantre nan zouti aprantisaj entènèt yo pandan yon jounen nòmal.	51% (Fèmti Prentan 2020 an*)	85%	N ap detèmine sa pi devan
Objektif Pwovizwa 4,2 Prezans Elèv yo : Asire yon mwayèn prezans elèv yo ki solid, kit elèv yo ap aprann aleka, kit y ap aprann an pèsòn.	83% (Fèmti Prentan 2020 an*)	92%	N ap detèmine sa pi devan

Objektif Pwovizwa 4,3 Plan Entèvansyon Elèv yo : Devlope e suiv Plan Siksè Elèv yo pou tout elèv nou idantifye kòm elèv ki bezwen entèvansyon presi an gwoup (Klasman 2) oswa entèvansyon pèsonalize entansif (Klasman 3), jan nou mezire sa selon pousantaj elèv ki genyen yon Plan Siksè Elèv.	31% (Fèmte Prentan 2020 an*)	33%	N ap detèmine sa pi devan
Strateji Objektif nimewo 4			
Strateji 4,1 Teknoloji : Asire ke tout elèv ki nan klas 3yèm jiska 12yèm ane genyen aksè 1 a 1 a òdinatè yo, pou ke chak elèv kapab genyen aksè nan resous aprantisaj yo aleka, jan nou mezire sa selon pwopòsyon elèv ki genyen yon òdinatè Chromebook BPS osinon ki chwazi pou yo pa resewva yon aparèy BPS.	67%	100%	N ap detèmine sa pi devan
Strateji 4,2 Tab Won Ekite : Angaje fanmi yo ak kominote yo pou n kapab konprann bezwen yo epitou angaje nan desizyon k ap fèt yo, atravè tab won ekite yo.	19 (Mas jiksa Jiyè 2020)	De (2) fwa pa mwa	N ap detèmine sa pi devan
Strateji 4,3 Repons Operasyonèl : Founi ase aksè nan pwovizyon sante ak pwovizyon sekirite esansyèl (pa egzanp : fenèt ki byen fonksyone, pirifikatè lè, dezenfektan pou men, ak ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (PPE)).	Pa aplikab	Pa aplikab (Nouvo Mezi)	N ap detèmine sa pi devan

*Mezi ki sot nan peryòd fèmte lekòl Prentan 2020 an ki reflekte regleman ak zouti ki suiv pwogrè yo, ki te disponib pandan peryòd la.

Konsiderasyon Evalyasyon Somativ (Akimile)

Konsèy la bezwen detèmine ki sa rezilta somatif done anwo yo vle di -- si yo pondere ou non (si yo mete yo sou balans), e ki sa limit minimòm nan ap ye pou nivo Satisfèzan an. Men kèk egzanp :	Objektif - 60% (2/3); Strateji - 40% (3/4) oubyen Objektif - 50% (2/3); Strateji - 50% (3/4)	0-4 Pa Satisfèzan 5-6 Satisfèzan oubyen	0-2 Pa Satisfèzan 3-4 Satisfèzan an pati 5 Satisfèzan 6 Egzanplè
--	---	--	---